Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 23 (98928) 18 июнь 2021 с / Рузман 8 Зуль-къагIида 1442 с./ багъа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru




*В третье воскресенье июня жители России, Белоруссии и Украины, по многолетней традиции, отмечают День медицинского работника. Основанием служит Указ Президиума Верховного Совета СССР №3018-Х от 1 октября 1980 года «О праздничных и памятных днях», в редакции Указа Президиума Верховного Совета СССР №9724-XI от 1 ноября 1988 года «О внесении изменений в законодательство СССР о праздничных днях»*

## Уважаемые медицинские работники!

Поздравляем Вас с профессиональным праздником. То, что вы делаете для людей, невозможно переоценить. Потому что вы помогаете людям жить полноценной жизнью и очень часто просто спасаете жизни! Желаем вам здоровья, успехов, счастья, профессионализма и признания. Пусть ваш неоценимый, благородный труд будет щедро вознагражден, пациенты послушно исполняют предписания, а родные никогда не пользуются вашими услугами.

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г.МУСАЕВ*
*Председатель Собрания депутатов Г.М.ГИРИСХАНОВ*

*12 июнь - Россиялъул къо*

## Россиялъул къо кIодо гъабун...



12 июналда районалъул культураялъул Централда цебе тIобитIана Россиялъул къо кIодо гьабиялда хурхараб рохалилаб тадбир. Гьенир гIахьаллъана районалъул депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М.Гъирисханов, культураялъул отделалъул начальник А.К.Ибрагьимов, «Чапар» газеталъул бетIерав редактор И.Б.Салимханов, ЕИЦалье нухмалъулей Н.В.Качалаева ва цогидалги. Данделъиялъул гIахьалчагIазда, районцоязда байрамги баркун, кIалъазе вахъарав Гъ. Гъирисхановас абуна: **«РакI-ракIалъ баркула нужеда ва районцоязда нилъер пачалихъияб байрам – Россиялъул къо. Гьеб байрамалъ бихьизабула нилъер улкаялъул г1адамазул цолъи, гьайбатаб букIинеселде божилъи. Гьеб къоялъ рагьана Россиялъул тарихалъул цIияб гьумер. Нилъер улка лъугьана эркенлъиялъул ва демократиялъул къучIалда общество гIуцIиялъул нухде. Нилъ ч1ухIараллъун рукIине ккола гьадинаб, тарих бечедаб улкаялда рукIиналдаса. Божи лъола нильер пачалихъ дагьаб ги цебетIураблъун лъугьине букIиналда»**,-ян.

Тадбиралда музыкалиял номералгун цере рахъана районалъул культураялъул рукъазул хIалтIухъаби: Руслан ва Лейла Имамирзаевал, Мухтар ХIайбулаев, гьединго, цIалдохъаби ва лъималазул ахалъул гьитIичал.

**А.ДИБИРОВА**

## В. Путинги Д. Байденги дандчIвана



16 июналда Женевалда данд чIвана Россиялъунги Америкаялъулги президентал. 4 сагIатгун бащдалъ халатбахъараб гьеб тадбиралдаса хадуб журналисталгун тIобитIараб дандчIваялда В. Путиница абуна: **«Д. Байден вуго живгун накъит гьабизе бегьулев инсан. Нижер кIалъай букIана «цо мацIалда», цоцаздехуниседе жахIдаллъи ва тIадецуй гьениб букIинчIо. КъотIи ккана кIиябго улкаялъул дипломатал тахшагьаразде тIадруссинаризе.**

**Гьединго, нижеца къотIи гьабуна балъгоял гара-чIвариязул, цолъи цIуниялъул ва баяназулъ гIадатлъи чIезабиялъул суалазул бицен гьабизе.**

**Россиялъулги Америкаялъулги гьоркьорлъабазулъ гIезегIанго суалал руго улкабазул бут1руз рицине кколел ва дир хьул буго хадусеб дандчIвай жеги лъикIаб хIасил кьолеблъун букIине бугеблъиялда»**,-ян.

В. Путиница дандчIвай тIобитIиялъе хIаракат бахъарав Д. Байдение баркала загьир гьабуна.

**«Бадиса бадибе гьабураб бокьараб дандчIвай пайдалияб букIуна. КIиго кIудияб пачалихъалъ хIаракат бахъизе ккола жидеда гьоркьор кколел цоцазда ричIчIунгутIиял тIагIинаризе»**,-ян абуна Д. Байденица.

**Интернет**

## Конференциялда г1ахьаллъана




9 июналда МахIачхъала шагьаралда тIобитIана **«Цогояб Россия»** политическияб партиялъул регионалияб конференция. Гьенир гIахьаллъа на - **«Казбек район»** муниципалияб гIуцIиялъул бетIер, бакIалда бугеб **«Цогояб Россия»** партиялъул политсоветалъул секретарь ХI.ХI. Мусаев, республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М.-п. (К.-п.) Д. Гумаханов, **«Цогояб Россия»** партиялъул бакIалда бугеб исполкомалъул отделалъул ишал тIуралев секретарь С.ХI. Алтумирзаев ва МФЦялъул директор Р.ХI. ХIайбулаева.

Конференциялда Дагъистан Республикаялъул бетIерасул ишал тIуралев С.А. Меликов **«Цогояб Россия»** партиялъул регионалияб отделениялъул секретарьлъун вищана.

Гьединго, ТIолгороссиялъул **«Цогояб Россия»** партиялъул съездалде рищарал Дагъистаналъул делегатазда гьоркьой йиго т1адехун рехсарай Раисат ХIажиевна ХIайбулаеваги.

**И. ИДРИСОВ**

## 22 июнь - ракIалдещвеялъул ва пашманлъиялъул къо!

80 сон т1убалеб буго инсаниятaлъул тарихалъулъ бищунго вахIшияблъун букIараб рагъ байбихьаралдаса. Тарихалдасан нилъеда лъикI лъала (жеги руго гьелъулъ гIахьаллъаралгун гьелъул нугIзал) 1941 соналъул 22 июналда фашистазулаб Германия нилъер ВатIаналде тIаде кIанцIараблъи. Германиялъе нухмалъулезда ракIалда букIана 2-4 анкьалда жаниб нилъер улка (СССР) кверде босизе ва гьезул гьелда щибниги щаклъи букIинчIо.

Рагъул тIоцересел моцIаз, унго-унгоги, немцазда кIвана Москваялде г1агарде щвезегIан рачIине ва гьезул хьул букIана 7 ноябралда «БагIараб» майданалда бергьенлъиялъул парад тIобитIизе. Гьеб заман букIана нилъер пачалихъалъе букIиналда хIинкьи ккараб, амма пачалихъалъе нухмалъулезда бажарана, **«Кинабго фронталъе, кинабго бергьенлъиялъе»** абураб ахIиялда гъоркь, халкъ цолъизабизе. **«Кинаб захIмалъиялда Советияб халкъалда немцазде данде чIезе ва хадусан гьезда тIад бергьенлъи босизе кIвараб?»** - ан абураб суалалъе жаваблъун руго рагъул хIакъалъулъ хъварал рикIкIен гIемерал тIахьал, рахъарал кинофильмал ва рагъул г1ахьалчаг1азул биценал.

Бергьенлъи босун 76 сон аниги, жеги сахлъун гьечIо гьелъ ракьалда ва гIадамазул ракIазулъ тарал ругънал. Гьанже бакI-бакIаздасан раккулел руго нилъеца Германия къезабиялъулъ аслияб бутIа лъун букIинчIин абулел гьаркьал. Гьезда кIочонтун буго аралда таманча речIарасда бачIунелъ гIарада речIулеблъи. Амма тарих хисизабизе лъугьунел заманалъ жиде-жидер бак1азда лъола.

## *20 июнь - медицинаялъул хIалтIухъанасул Къо*

# МАХЩАЛИЕ РИТIУХЪАЛ



Балъголъи гуро, нилъеда гьоркьор гIезегIанго гIадамал руго, рекIее бокьун гурел, эбел-инсул, гIага-божаразул, гьудул-гьалмагъзабазул рагIабаздалъун махщел тIаса бищарал яги, гIадамазда гьоркьоб махщалил бугеб **«къиматалде»** балагьун, гьелъие цIализе арал.

Гьединго, балъголъи гуро, гьединал гIадамал махщалил борхалъуде, къанагIат гурони, рахунареблъи, гьез махщел рехун толеблъи, яги, тIаса ккезелъун ва ахиралде щвезегIан, гьел гьеб **«бехьерхъулел»** рукIунеблъи. Гьединаздасан я жидеего яги гIадамазе пайдаги, гьай-гьай, цIакъ дагьаб гурони букIунаро. Гьез жидедего гIайиб биччаларо, гьезие, жалго хутIизегIан, киналго мекъалги рукIуна.

Кьокъгьабун абуни, гьел жидерго къисматалдацин разиги рукIунаро. РакIчIун абизе кIола, гьал гъоркьехун рехсолел Гулишат Сайбулаевна Мирзоева ва Айгьанат Найбодиновна Висаитова тIадехун рехсаразда гьоркьоре рикIкIине бегьулин абизе (гьелгун дандчIваразда) ракIалдецин ккун батизе гьечIин, щайгуреблъул, гьез гьедин ккеялъе гIилла кьечIого. Гьеб тасдикъ гьабула гьезул, ракIбацIцIад, бажарун ва махщалида бачунеб хIалтIуца, кумек гьарун рачIаразде гьезул бугеб бербалагьиялъ, хIеренлъиялъ, гьабулеб ишалдехунисеб рокьиялъ.

Дун гьелгун дандчIвана, амма, халатккун, гIодорчIезе нижее щвечIо, Гулишатги Айгьанатги жидерго ишазде гIедегIун ругоан, амма гьел церегоялдаса лъалел рукIиналъ, дие гьезул хIакъалъулъ хъвазе гIемерго бигьалъана.

Гьеб букIана 2014 соналъул ахир. Дун Ленинаулалъул больницаялде ккана. Гьениб тIоцебесеб нухалда дун Гулишатгун дандчIвана. (Гьеб гьелда ракIалдацин, узухъда, батуларо). ХIалтIухъабазда гьоркьой Гулишат ятIа яхъизе лъалаан унтаразденунисеб бербалагьиялдасан, кидаго кумекалъе хIадур йикIиналдасан, хIеренаб ва гIодобе биччараб каламалдасан.

Гулишатица бицана: **«Дун гьаюна 1990 соналъ Хунзахъ районалъул МочIохъ росулъ. Къисматалъ дун ячана Казбек районалъул Ленинаул росулъе. ГьитIинаб къоялдасаго дие бокьулаан тохтурзабазул хъахIаб ретIел, дир анищ букIана унтаразе кумек гьабизе щвей. Дун дирго анищалъе хилиплъичIо ва, лъикIал къиматазда росдал №2 школаги лъугIизабун, ана Гъизляр шагьаралъул медицинаялъул колледжалде.**

**Гьеб лъугIун хадусан дун хIалтIизе ячIана гIагараб росдал участковияб больницаялде. ГьабсагIат дун фельдшерлъун хIалтIулей йиго. ХIалтIул байбихьиялдаго дие битIун ккана. Дун гьоркьое лъугьараб коллектив букIана цолъараб, лъай бугел гIадамал гьоркьор ругеб ва бокьараб заманалда кумекалъе рахъине хIадурал гIадамаздасан жиб гIуцIараб. Дун даимай налъулайлъун йиго Шамсудин (Муса) Жамалдиновасда ва гьес нухмалъи гьабулеб коллективалда цее.**

**Дицаги хIаракат бахъана дидехунисеб божилъи ритIухъ гьабизе. Гьай-гьай, нижер хIалтIи, ракIунтун гьабуни, цIакъ захIматаб буго. Унтарав чиясул гIамал-хасият хисула, гьесда рекъараб мацI бицине лъазе ккола, цо абураб рагIиялъцин гьесул кинабниги медицинаялдего бербалагьи хисизабизе бегьула. Щиб гьабилеб, тIаде цо иш босаралдаса гьеб, рагIа-ракьанде щун, лъазабизе ва ракIбацIцIад тIубазе ккола»**,-ян.

Лъала, харжалъул, кьолел шапакъатазул рахъалдасан медицинаялъул, лъайкьеялъул ва цогидалги гьезда релълъарал махщелазул хIалтIухъаби кигIан гIодорегIан гьарун ругелали. Дица щварал шапакъатазул хIакъалъулъ цIехедал Гулишатица абуна: **«Узухъда, ракIбацIцIад гьабулеб хIалтIи бихьизе бокьуларев чи ватиларо, амма шапакъатал щвезе цIаралда дун хIалтIичIо. Дие бищунго хирияб буго сахлъун тIад руссунез ракI-ракIалъ кьолеб баркала.**

**Унтун вукIарасул гьурмада бихьулеб разилъиялъул кунчIиялдаса тIадегIанаб щиб букIунеб? Дун хIалтIулей йигелдаса гIемераб заман инчIо, гьедин бугониги, дие щвана нижер ва Централияб больницабазул, росдал администрациялъул ХIурматалъул грамотаби, Баркалаялъул кагъталъ»**,- ан.

Айгьанатил хIакъалъулъ хъвазе дие дагьалъги бигьаяблъун букIана, щайгурелъул, дида гьей гьитIинаб къоялдасаго лъалей йикIана, кьокъгьабун абуни, гьелъул лъимерлъи дида цебе ана.

Айгьанат гьаюна 1970 соналъ Калининаул росулъ Найбодин ва Зайнап Висаитовазул кIудияб хъизаналда. Гьай-гьай, гьитIинаб къоялдасаго Айгьанат хIайран гьаюлаан гIадамазул сахлъи цIуниялда ва гьеб букIинабиялда тIад хIалтIулел хъахIал халгIатал ретIараз. Гьелъие мисаллъун рукIана гIемерал соназ фельдшераллъун ракIбацIцIад хIалтIарал- Анна Гьиринова, ХIури Халидова ва Раисат ИсмагIилова.



Росдал гьоркьохъеб школа лъугIун хадусан, **«Дун кие цIализе иней?»** абураб суал Айгьанатида цебе чIун букIинчIо, жеги лъимерлъуда ясикIабигун тохтургун **«дандчIвай»** хIалеб заманалдаго гьелъ букIинисеб махщел тIаса бищун букIиналъ.

Гьале, ахирги тIаде гIунтIана махщалие цIализе ине бегьулеб заман. Дол соназ нилъер гIолилал ДагьистаналдасакъватIирехун цIализе унаан.

Гьедин, росдал ясалгун, Айгьанат цIализе лъугьана Новосибирск областалъул Куйбышев шагьаралда букIараб медучилищеялде.

Узухъда, рикIкIадаб бакIалде цIализе ун, лъикIаб лъай босичIого, тIадруссине нилъер гIолилазул яхI-намусалде данде кколароан, гьелъ, Айгьанатицагун цадахъ рукIарал ясаз хIаракат бахъана лъикIаб лъай щвезе. Училище лъугIун хадуй Айгьанат хIалтIизе лъугьана гIагараб районалъул поликлиникаялде. ИчIго соналъ гьений хIалтIарай гIолилалъе щвана хIалтIул лъикIаб хIалбихьи. Хадусан Айгьанат хIалтIана хехаб медицинаялъул кумекалъул хъулухъалда ва реанимациялда.

Дол соназ Калининаулалда букIана фельдшеразул пункт, хадусан гьениб тохтурзабазул амбулатория рагьана. Айгьанатие рес щвана жийго гIураб росулъ хIалтIизе (гьеб кинабго дида лъикI лъала, щайгурелъул, дица 1975 соналдаса Калининаулалда яшав гьабулеб букIун).

18 сон тIубалеб буго Айгьанат гIагараб росулъ хIалтIулей йигелдаса. Районалда хIалтIулей йикIаниги, Айгьанат гIемер ахIулаан унтаразухъе ва цониги хIужа дида рагIинчIо, кигIанго свакан йигониги, гьелъ инкар гьабураб. Гьай-гьай, росулъ хIалтIизе байбихьаралдаса гьелъие хIалтIи гIемерго цIикIкIана.

РакIалдаса унаро 1999 соналъул август-сентябралда ккарал лъугьа-бахъинал. Гьенир лъукъарал гIадамазе кумекалъе, щибниги рекIелъ хIинкъи гьечIого, Айгьанат ана ва лъукъаразе хIажатаб кумек гьабуна. Гьей ккола рагъул тунка-хIусиязул ветеранлъун ва Айгьанат кIодо гьаюна **«Халкъалдагьоркьосел бандформированиял щущахъ риххизаруралдаса - 20 сон»** медалалдалъун.

Жиндир хIалтIи махщалида, бажаризабун, ракIбацIцIадго, бачунеб букIиналъ Айгьанат цо чанго нухалда кIодо гьаюна ХIурматалъул грамотабаздалъун, Баркалаялъул кагътаздалъун ва гIарцулал шапакъатаздалъун.

Дун гIемер ккола амбулаториялде. Гьенире рачIарал гIемераз цIехола: **«Айгьанат хIалтIуда йигищ»**,-ан. Унтарасухъе ахIун ун йигоян абуни, гьей ячIинегIан чIелаян гьез абиялъ бицуна унтаразул гьелдехун божилъи букIиналъул, гьелъул гьабулеб хIурматалъул ва адаб-хатиралъул. Дун цо чанго нухалда нугIлъун ккана Айгьанатица унтарал къабул гьариялъул. ХIеренаб, гIодобе биччараб мацIалъ гьелъ унтаразул ракIелъе божилъи рещтIинабула, тIаде рачIарал унтиялъул рахъккеялдаса инкар гьабиялде рачуна, гьедин гьабиялъ лъикIаб хIасил кьолеб букIин Айгьанатица киданиги рекIелъа биччачIо.

Айгьанатгун дандчIвазе мурадалда амбулаториялде щварав дида абуна гьей унтарасда капельница лъезе ун йигилан. Дица гьелъухъе ахIана ва гьей йихьизе бокьун букIин загьир гьабуна.

ДандчIваялъе гIиллаги цIехон, жиндилъго бугеб махсаро-хочIалъулаб хаслъиги хIалтIизабун, гьелъ абуна: **«Дир тIолабго гIумру дуда цебе индал дида ккун букIана дир гIумруялъул хIакъалъулъ цIехезе дур щибго батиларин»**,- ан. Цоцо бакIал мухIканлъизаризе хIажат бугин дица абидал, гьелъ абуна: **«Гьеб нилъеца телефоналдасанги бицине бегьула, дун дагьалъ кватIизе йиго»**,- ян.

Коронавирус тIибитIизе байбихьараб заманалдаги, къаси-къад чIечIого, унтаразухъе Айгьанат унаан. Дица гьелъие махсароцин гьабуна, гьал тIолалго дуца хьулухъ гьабуразул гьариял къабуллъани, мун битIахъе, жеми-кIичIи босичIого, Алжаналъе унин. Гьелъги абуна жиндир гьелде цIакъ анищ бугин, щайгурелъул, унтаразул ракIхвеялъе жинца щибниги гьабичIин.

Гьеле, гьединай йиго дир росуцояй, цIикIкIараб махщалил ва гIадамлъиялъул бетIергьанчIужу Айгьанат. Дун вохаравги чIухIаравги вуго цодагьалъгIаги гьелъул хIалтIул баян кьезе щвеялда.

Баркула Гулишатида, Айгьанатида ва гьезда цадахъ районалъул тIолалго медицинаялъул хIалтIухъабазда профессионалияб байрам. Кьеги нуж киназего щулияб сахлъи, рохел, талихI ва гьарулелщинал ишазулъ кидагосеб битIккей.

***М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ***

## *ХIажаталъув ватулев*



Гьедин абизе бегьула гIемерал соназ районалъул гIадамазул сахлъи цIуниялда тIад хIалтIарав тохтур (ЛОР) МухIамадрасул Загьирович ЛатIиповасул хIакъалъулъ.

М.-р. ЛатIипов гьавуна 1956 соналъ Дилим росулъ. ГьитIинаб къоялдасаго гьес живго мисалияб, ритIухъаб гIамалалъул инсанлъун вихьизавуна. ЛъикIал къиматазда школаги лъугIизабун, гьев лъугьана Дагъистаналъул медицинаялъул институталде. 1983 соналъ тIадвуссана гIагараб росулъе ва гьебго соналъ гали тIамуна захIматалъул нухде. Гьелдаса байбихьун, 38 соналъ М.-р. ЛатIиповас хъахIаб халат тIаса бахъичIо ва гьев хIалтIулев вуго бищунго инсанасе къиматаб хазина-сахлъи цIуниялда тIад.

2002-2003 соназ Расул тIамуна районалъул поликлиникаялъул заведующийлъун, гьелдаса хадув, 2003-2007 соназ, Централияб больницалъул бетIерав тохтурлъун. 2007-2011соназ гьев цIидасан тIамуна поликлиникалъул заведующийлъун ва хадусан (2011-2019 с.с.) - бетIерав тохтурлъун.

Районалъул сахлъи цIуниялда тIад хIалтIулаго, М.-р. ЛатIиповас гIемераб пайдаяб хIалтIи гьабуна районалъул медицина цебетIезабиялъе. Абула, тохтурасе БетIергьанас гьунар кьолин цогидаздаса тIокI гьабун абун, гьеб нилъеда бихьула Расулил хIалтIиялъулъ.

Расулица жиндирго бищунго гьайбатал ва гIолохъанал сонал кьуна районалъул гIадамазул сахлъи цIуниялъе.

***А. ДИБИРОВА***

*20 июнь - медицинаялъул хIалтIухъанасул Къо*

# Унтаразул разилъи-бищун лъик1аб шапакъат



Абула, тохтурасул берцинаб каламалъги унтаразе кумек гьабулилан, гьединлъидал, унтараздехун гурхIел-рахIму, сабру ва махщалил хIалбихьи букIин, чара гьечIого, рукIине ккола тохтурлъиялъул нух тIаса бищаразулъ.

Унго- унгояв медицинаялъул хIалтIухъанасе щолел шапакъатаздаса къиматаблъун букIуна унтаразул разилъи ва гьезул баркалаялъул рагIаби. Гьединазул цояйлъун ккола нилъер районалъул роддомалъул заведующая Сапинат СагIидбеговна Ибрагьимова.

Сапинат гьаюна 1974 соналъ Дилим росулъ гIадатияб хъизаналда. ГьитIинго гьелъул анищлъун букIана тохтурзабазул мухъилъе жийго лъугьине. Школа лъугIарабго, гIемер тIад ургъичIого, гьей ана рехсараб махщел босизелъун медицинаялъул институталде цIализе. 1999 соналъ гьей хIалтIизе ячIана гIагараб районалъул централияб больницаялде. Жиндирго захIматалъул нухалъул байбихьиялдаго гьелъ бихьизабуна махщалилъ камиллъиги, жигарчилъиги хIалтIуде бугеб рокьиги. Гьелъул гьунарги гьабулеб ишалъулъ жавабчилъиги бихьун, 2018 соналъ гьей тIамуна райбольницаялъул лъимал гьарулеб рукъалъе нухмалъулейлъун. Сапинатида кIола щивав чиясул рекIелъе нух батизе камилаб махщелалдалъунги сабураб гьимиялдалъунги.

Баркула Сапинатида профессионалияб байрам, гьарула гьелъие щулияб сахлъи, рохел, талихI ва гьарулел ишазулъ бергьенлъаби.

*А. ДИБИРОВА*

# ГIадамазе хIинкъигьечIолъи чIезаби мурадалда...

10 июналда, Дагъистан Республикаялъул бетIерасул ишал тIуралев С. А. Меликовасул нухмалъиялда, видеоконференция тIобитIана.

Гьенир гIахьаллъана-районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев, гьесул заместитель Б. С. Нуцалов, ГОялъулгун ЧСалъул отделалъул начальник И. Х. МухIамадов, «**Казбекалъул рохьихъанлъи**» гIуцIиялъул директор И. Къ. ХIусейнов ва Цогояб диспетчерскияб хъулухъалъе (ЕДДС) нухмалъулев Р. Г. Газизов.

РакIалдаго гьечIел лъугьа - бахъинал нахъчIваялъе ва цIаккунгутIиялъе тадбирал тIоритIиялъул комиссиялъул хал гьабиялде росун рукIана лъималазе риидал хIухьбахъиялъе, гIадамал цIаккеялдасагун цогидал тIабигIияб балагьаздаса цIуниялъе шартIал чIезариялъул суалал.



Сергей Меликовас тIадчIей гьабуна гIадамазе хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул суал бараб букIин шагьараздагун районазда ругел Цогояб диспетчерскияб хъулухъалъул гIуцIабазул хIалтIиялда.

*Пресслужба*

# «Гургинаб» стол тIобитIана

10 июналда районалъул библиотекаялъул цIалдолезул залалда тIобитIана Россиялъул къоялда хурхараб ва «**Нилъ-Россиялъул патриотал**» абураб «**гургинаб**» стол.



Гьенир гIахьаллъана - Гъ. М. Гьирисханов (районалъул депутатазул Собраниялъул председатель), ХI. А. Адимирзаев (ЖамгIияб палатаялъул председатель), С. ХI. Алтумирзаев («**Цогояб Россия**» партиялъул бакIалда бугеб исполкомалъул ишал тIуралев секретарь), Н. В. Качалаева (Цогояб информцентралъе нухмалъулей), М-А. М. ХIамзатова (гIолилазул парламенталъул председатель), Ф. М. Султанмурадова («**Россиялъул улбул**» жамгIияб багъа-бачариялъул районалда бугеб отделениялъе нухмалъулей), М. Ш. Яндаева (лицеялъул мугIалим), А. К. АбутIалибов (районалъул администрациялъул хIалтIухъан).

КIалъазе вахъарав Гъ. Гьирисхановас гьениб абуна: **«12 июнь ккола ТIолгороссиялъул кIудияв байрамазул цояблъун. Гьеб къо рикIкIуна нилъер улкаялъул тIолабго халкъ цолъиялъул, эркенлъиялъулгун гражданияб ракълил байрамлъун.**

**Изну кье дие, «Казбек район» муниципалияб гIуцIиялъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасул ва депутатазул рахъалдасан, районалъул гIадамазда гьеб байрам баркизе. Гьаризе киназего цIияб бергьенлъаби, метерисеб къоялда щулияб ракIчIей, сахлъи ва гIумрудулъ талихI»**,-ан.

Гьединго, баркиялъул кIалъаял гьаруна-М.-А. ХIамзатовалъ, А. АбутIалибовас, Ф. Султанмурадовалъ, ХI. Юнусовас, Н. Качалаевалъ, М. Яндаевалъ, ХI. Адимирзаевас ва С. Алтумирзаевас.

Тадбиралъул ахиралда гьелъул гIахьалчагIазе рес щвана, хасгьабун, байрамалде гIуцIараб тIахьазул выставкаялъулгун лъай-хъвай гьабизе.

*И. ИДРИСОВ*

*ДАССРалъе - 100 сон!*

# ГIумру - гIадамазе хъулухъалда



Бухгалтерасул хIалтIи кидаго къадру-къимат бугеблъун букIана. «**Бухгалтерасул хIалтIиялъул хIал лъаларезда ракIалде кколеб батила нижер хIалтIи чIамучIаб бугин. Унгоги, лъугIел гьечIел тарихал, хIисабкьеял, налогазул расчётал ва гь.ц. Лъие гьединаб хIалтIи бокьилеб? Дидайин абуни, гьеб чIамучIаб хIалтIиялъулъ рихьула хурухъабазул, боцIухъабазул, дояркабазул, ахихъабазул, механизаторазул рухIалда барахщинчIеб хIалтIи. Дун гIумруялъ хIалтIана экономистлъун, бухгалтерлъун, амма дида цониги нухалда ракIалде ккечIо щай гьеб махщел тIаса бищараб?**»,- ан байбихьана жиндирго хабар «**Дылымское**» ГУПалъул бетIерай бухгалтер Тамара Адамовна Абуевалъ.

Тамара гьаюна 1952 соналъ Кемерово областалъул Прокопьевск шагьаралда. 1969 соналъ гьелъ лъугIизабуна Гьизляр районалъул «**Большая Арешовка**» росдал гьоркьохъеб школа. 1971соналъ гьей лъугьана Дагъистаналъул росдал магIишаталъул институталъул экономическияб факультеталде.

Институт лъугIун хадусан 1975 соналъ, Тамара Гьизляр районалъул «**ЦIияб нух**» колхозалде бетIерай бухгалтерлъун хIалтIизе йитIана. 1977-1993 соназ гьей Дилим росдал совхозалда бетIерай экономистлъун хIалтIана.

1994 соналдаса жакъа къоялде щвезегIан, Тамара хIалтIулей йиго «**Дылымское**» ГУПалъул бетIерай бухгалтерлъун. ХIалтIул заманалда Тамараца жийго йихьизаюна лъай бугей, ракIбацIцIадай, жавабчилъи цIикIкIарай специалистлъун. Гьелда совхозалъул магIишаталъул киналниги бутIабазул хаслъаби лъикI лъала.

Тамараца гIумруялъул 44 сон кьуна совхозалъул магIишат цебетIезабиялъе. Гьелъул ракIбацIцIадаб хIалтIи бихьичIого хутIичIо. 1977 соналъ гьей кIодо гьаюна «**Дагъистан республикаялъул росдал магIишаталъул мустахIикъай хIалтIухъан» абураб** цIаралдалъун, Дагъистан Республикаялъул росдал магIишаталъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул, обкомалъул, райадминистрациялъул ХIурматалъул грамотабаздалъун ва къиматал сайгъатаздалъун.

Тамарацаги рос ГьазихIмацаги гIезаруна 2 васги 2 ясги. Гьезул буго тIадегIанаб лъай ва гьел хIалтIулел руго халкъияб магIишаталъул батIи-батIияб бутIабазда.

*И. ИДРИСОВ*

*Ниж – терроризмалде данде*

# ДандечIеялъе хехал тадбирал гьаричIони...

СССРалъул заманалда гIемер рагIунаан капиталистическиял пачалихъазда гIадамазда гьоркьор батIи-батIиял терракталъ гьариялъул хIакъалъулъ. Гьединал ишал кин рукIине ва лъугIине бегьулелан абурал пикраби рачIунаан советиял гIадамазул ракIазулъе.

Гьале, биххана СССР, Россия, бицунелда рекъон, демократиялъул гIатIидаб «**шагьранухде**» лъугьана. Гьеб нухда ккаралъул нугIзаллъун ккола гьаб заманалда 30-40 соназдаса тIаде гIумру арал гIадамал.

Доб заманалда къватIисел улкабазда ккарал балагьал лъугьа- бахъинал кIочене гьарурал гурищ ккарал нилъер улкаялдаги?! Цересел лъугьа- бахъиназул бицине ва гьезие къимат кьезе дун лъугьинаро.

РакIалдаса унаро кIиго соналъ цебе «**ХIакъикъат**» газеталда Кавсарат Сулеймановалъ улкаялъул школазда ккарал такъсирал рехсараб сияхI бахъи. Гьелдаса хадубги бакI-бакIазда терракталъ рукIана.

Гьезул цояллъун рукIана 11 маялда Казань шагьаралда ва Алтаялда ккаралги. Гьанже щибниги божи гьечIо гьединал такъсирал нилъер ракьалда ккунгутIиялдаги. Умумуз абула бетIер бекилелде къазе ккколилан. Гьелъ, лъикIаб букIина терроризмалдегун экстремизмалдег1олеб г1ел унгутIиялда сверухъ гьабулеб хIалтIи, батIи-батIияб къагIидабаздалъу,цIикIкIинабуни, бичIчIенькьей гучлъизабуни ва гьелъулъе жалго гIолилал цIани.

Гьединал тадбиразул хIакъалъулъ гIемер хъвалебги бицунебги бугони, дир пикруялда, гьелъ хIасил кьечIого букIинаро.

*М.-р. МУХIАМАДРАСУЛОВ,*
*Къарланюрт станция*

# ХIухьбахъи мурадалда...

Лъайкьеялъул гIуцIабазда цере чIарал аслиял масъалабазул цоялъун ккола цIалдохъабазе хIухьбахъиялъе шартIал чIезари. Узухъда, нилъер районалъул лъайкьеялъул Управлениялъги гьеб рахъалде гIураб кIвар кьола.

Гьедин,риидалил каникулазда нижеца хIаракат бахъула хIухьбахъиялъул лагеразде унезул къадар цIикIкIинабизе, хасго гьел цIалдохъабазде гьоркьоре ккезаризе лъимал г1емерал, рес гьечIел хъизабаздаса, бесдаллъарал ва гIумрудул захIматаб хIалалде ккарал цIалдохъаби.

Гьай-гьай, лагеразда, тIоцебесеб иргаялда, лъималазул гIумруялъе хIинкъигьечIолъи чIезабизе тIадаб буго, хадусан, гьезие хIухьбахъиялъе шартIал чIезаризеги. Гьел киналниги рахъал хIисабалдеги росун, цудунго хIадур гьарула лагеразул сияхIал, хIисабалде росула хIухьбахъиялъе гьенир ругел шарт1ал ва гьенире къабул гьаризе кIолезул къадар.

БакI- бакIазда рагьула къаде хIухьбахъиялъе гIуцIарал лагерал. Гьединал лагерал рагьун руго ИчкIа росдал ва Ленинаулалъул №1 школазда.

Лагеразде лъимал ритIиялъулъ цIикIкIараб пайда букIуна. Лъималазда рихьула бакI- бакIал, гьел ругьунлъула батIи- батIиял миллатазул лъималгун бухьеназде, гьезда лъала къватIирехун ругезул гIадатал ва гьеб гуреб гIемераб цогидабги. Цоги рахъалдасан, лагеразда лъимал ругьунлъула цо ккураб режималде, гьелъин абуни, сахлъи цIуниялъе, гьеб букIинабиялъе ва лъикIаб хIухьбахъиялъе квербакъула. Гьединго, гьенир лъимал ругьунлъула гIумруялъе хIинкъигьечIолъиялъул къагIидаби цIуниялде.

Лъимал лагеразде ритIиялъул хIакъалъулъ лъазе бокьарал раккизе бегьула лъайкьеялъул Управлениялъул сайталде. Гьениб рагьун буго **«Риидалил хIухьбахъи - 2021»** гьумер, гьединго, к1алъазе бегьула гьаб номералде: **8-989-875-84-66.**

Лагералде лъимал ритIизе бокьараз гIарза кьезе бегьула МФЦялдасанги.

**Н. МУХIАМАДХIАБИБОВА, ИМЦялъул методист**

## Рохьал цIаккеялдаса цIуниялъе

Казбек районалъул рохьихъанлъиялде гьоркьоре кколел, рохьал жанир ругел, ракьазда ахиралде щвана цIаккеялде данде гьарулел хIалтIаби гьари.

4 километралъул манзилалда, ракь бекьун, хIадур гьаруна цIаккеялде данде ругел ракьул чIалал. Гьелдаго цадахъ, рацIцIана ва цIи гьаруна 20 км. манзилалда цере гьарун рукIарал гьединалго чIалал.

Гьарурал хIалтIабаз рес кьола рохьал цIаккеялдаса цIунизе.

## Туристазе кумек гьабуна

Лъала, хасго риидалил заманалда, гIемерал гIадамал тира-сверизе ва бихьа-рагIизе рахъунеблъи. Гьай-гьай, хасго ахирият соназ гьел нилъер ракьалдеги щола. Гьеб заманалда цIикIкIуна батIи-батIиял лъугьа- бахъиназде гьоркьоре кколел гIадамазул къадарги.



ГIисинал, кIвар кьечIого, тезе бегьулел гьезда гьоркьор камуларо гIумруялъе рагьараб хIинкъи бугелги. Балагьал лъугьа - бахъинал ккеялъул цIикIкIунисел гIиллаби гIадамазда рараллъун рукIуна. Г1емерисеб мехалда щибниги хIадурлъи гьечIолъиялъул, кIвар кьечIого теялъул, тасамахIлъи биччаялъул хIасилалда ккола балагьал ишазулъе.

Амма руго гIиллаби гIадамазда рачIелги. ГIемерисел тIабигIиял балагьал цингаго тIаде щвезе бегьула, гьел нахъчIвазе кIоларо, амма гьез кьолел квешал хIасилал нахъчIваялъе цо-цо ресал камуларо.

РиххичIони, гIуцIиялда гьединал балагьазде данде чIани, бигьалъаби рукIинеги рес буго.

Июнь моцIалда нилъее рарал цIадазул къадар цIикIкIана ва гьелъ бакI-бакIалде гIисиналгун чIахIиял заралал гьаруна. Гьединазул цоялъун букIана нилъер районалда ккарабги.

13 июналада нилъер районалъул Цогояб диспетчерскияб хъулухъалде бачIараб ахIиялда букIана, цIадал раялъул хIасилалда нухги ччукIун, басрияб ЦIобокь Астраханалдаса 60 турист хутIун вугилан. Гьедин ккеялъул хIакъикъат лъазабуна районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевасда. Гьес кумек гьарана Сулахъ гIурухъ бугеб турбазаялъул бетIергьабазда.Гьез, катераздари рекIинарун, туристал нахъе рачана. ХIажимурад Мусаевас кумекалъе рахъаразе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна.

**Пресслужба**

## ХIурматиял районцоял!

Ахиралде щолеб буго буго 2021 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие **«Чапар»** газета хъваялъул кампания.

Гьарула нужеда, рес рекъани, гIагараб газета хъвазе хIаракат бахъеян.

**Редколлегия**

Спорт - инсанасул сахлъи

## Ветеранасул иргадулаб бергьенлъи



13-14 июналда Ставрополь краялъул Ессентуки шагьаралда тIобитIана эркенаб гугариялъул рахъалъ ветераназда гьоркьоб Россиялъул чемпионат. Гьел къецазул чемпионлъун вахъана Муса ГIазаевасул спортшколалъул тренер ГIалисултан Качалаев.

Гьесда бергьенлъи баркана «Казбек район» муниципалияб гIуцIиялъул бетIер ХI. ХI. Мусаевас ва спортшкола лъул директор М. М.-ш. ГIазаевас.

**«Гьесул къецаздехун бугеб рокьи ва рикIкIен гIемерал бергьенлъаби ккола гIолеб гIелалъе мисаллъун. ГIалисултан 2006 ва 2010 соназ дуняла лъулго чемпионлъунги вахъана.**

**Гьарула гьесие щулияб сахлъи ва дунялалъул чемпионатазда цIиял бергьенлъаби»,-** ян абуна ХIажимурад Мусаевас.

## Ругьунлъабазде куцаязда...

Лъалеб букIахъе, Россиялъул тIолабго халкъалъул ракIгьанцIизабураб лъугьа-бахъин ккана 11 маялда Казаналда. Гьеб лъугьа- бахъиналъ бихьизабуна гIадамазул хIинкъигьечIолъи цIуни нилъер улкаялда хIажатаб даражаялде бахун гьечIеб лъи.





Гьебги хIисабалде босун, I6 июналда нилъер районалда тIобитIана террактазде дандечIеялде куцаялъул тадбир. Гьеб тIобитIиялъул мурадлъун букIана хасал хъулухъазул тIадехун рехсарал гIадинал терррактазде дандечIеялъе бугеб хIадурлъиялъул халгьаби.

Тадбиралда гIахьаллъана - ОМВДялъул, ФСБялъул, Росгвардиялъул ва цогидалги жидеде рехсараб суал кколел хъулухъал.

Ругьунлъиялъул гьел куцаязда т1адехун рехсарал гIуцIабаз бихьизабуна, цадахъ рекъон, хIалтIизе бажарулеб букIин. Хьул буго Казаналда ккараб гIадинаб теракт нилъер районалда ккезе гьечIеблъиялде.

## Чтобы вирус не прогрессировал...





Глава района Гаджимурад Мусаев на своей странице в Instagram разместил пост-призыв к жителям муниципалитета принять участие в массовой вакцинации населения от ковид-19.«Вирус снова прогрессирует. В стационарных учреждениях количество больных растет ежедневно. Только, вакцинировавшись, мы с вами можем остановить этот недуг. Из истории человечества мы знаем множество примеров, когда даже самые страшные болезни преодолевались путем иммунизации. Не нужно верить лжеинформации о, якобы неизбежных, побочных проявлениях. Я прошел этапы вакцинации, другие сотрудники администрации тоже получили прививку- у всех все хорошо. Давайте, прислушаемся к совету специалистов и активнее присоединимся к вакцинации»,- отметил Мусаев.

Далее он привел статистику, предоставляемую из районного прививочного пункта. Согласно данным, число вакцинированных казбековцев составляет почти 1700 человек.

Также Гаджимурад Мусаев рассказал, что иммунизацию проводят двумя разными препаратами «Гам-Ковид-вак» и «ЭпивакКорона». По словам руководителя муниципалитета, «ЭпивакКороной» прививаются люди пожилого возраста или же лица с хроническими заболеваниями.

**Пресслужба**

*БетIерав редактор:*
И.Б.Салимханов
**55-48-94**
*Заместитель:*
Д.ХI. ГIабдулахIитова
*Жавабияв секретарь:*
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
ИбрагIим Идрисов,
Асият Дибирова
**Набор:** Меседо ХIайбаева
**Верстка:**
Марям АтавхIажиева,
Зайнап ГIабдулмуслимова

Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда

Типографиялъул адрес:
367032, РД МахIачхъала шагьар Насрудиновасул къватI №61

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Индекс: 51354
Тираж 1100, багьа - эркенаб

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*